Nimewo 144

D E K R È E G Z E K I T I F

ENTÈDIKSYON VWAYAJ ETA FINANSE OSWA PATWONE NAN INDIANA

ALÓSKE, Eta New York se yon lidè nasyonal nan pwoteje dwa sivil ak libète tout sitwayen li yo;

ALÓSKE, Eta New York nan ane 1945 te adopte premye lwa eta kont diskriminasyon nan peyi a, sa ki kounye a entèdi diskriminasyon sou anpil baz enkli laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati militè, ak andikap;

ALÓSKE, pwoteje dwa sivil ak libète pou moun madivin, masisi, bi-seksyèl, ak trans-seksyèl (LGBT) se yon se yon enterè enpòtan gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, pwoteje finansman envolontè Eta New York kont moun LGBT yo se yon enterè enpòtan gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, Eta Indiana te adopte lwa pou pwoteje libète relijyon, men li pa ekspreseman entèdi diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo;

ALÓSKE, egzèsis libète relijye pa ta dwe yon jistifikasyon pou diskriminasyon baze sou sèks, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl, oswa lòt klas ki pwoteje yo;

ALÓSKE, se règleman eta New York pou ankouraje egalite, pwoteje byennèt sitwayen yo nan Eta New York, epi konbat diskriminasyon;

ANKONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York an vèti de otorite ki te konfere a mwen menm pa Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York, deklare **ÓDONE EPI MANDE:**

- Tout ajans, depatman, konsèy, otorite pou revize tout demann pou eta finanse oswa vwayaj eta patwone nan Eta Indiana osi lontak ke gen yon lwa anvigè ki kreye baz pou diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo.

- Pou entèdi nenpòt vwayaj leta finanse oswa eta patwone nan kote sa, sof si vwayaj la nesesè pou aplikasyon lwa Eta New York, pou satisfè obligasyon kontra ki te la deja, oswa pou pwoteksyon sante piblik, byennèt ak sekirite;

- Entèdiksyon Eta New York sou vwayaj leta finanse pral antre anvigè imedyatman e lap kontinye toutotan lwa sa rete anvigè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan tranteyinyèm jou mwa mas

nan ane de mil kenz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

Haitian Creole